# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериў мектеплери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарларының хызметин жетилистириў ҳәм де Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар лаўазымын енгизиў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрьдеги "Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында"ғы ПФ-6108-санлы Пәрманының орынланыўын тәмийинлеў ҳәм де бәркамал әўладты қәлиплестириў, жасларды руўхый ҳәм физикалық жақтан саламат етип тәрбиялаў, оларды алып барылып атырған кең көлемли реформалардың белсенди қатнасыўшыларына айландырыўға қаратылған ис-иләжларды избе-из әмелге асырыў бойынша Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Жоқарғы ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги Республикалық Руўхый-ағартыўшылық орайы ҳәм Өзбекстан Жазыўшылар аўқамының 2020-жыл 28-декабрьдеги қоспа карарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Жоқарғы ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги, Республикалық Руўхый-ағартыўшылық орайы ҳәм Өзбекстан Жазыўшылар аўқамының 2020-жыл 28-декабрьдеги 60, 57-к/қ, 1/14-к/қ,13/03-02-санлы қоспа қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. 2021-жылдың 1-январь сәнесинен баслап ҳәр бир билимлендириў мәкемесинде Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятлаўшы штат бирлиги енгизилгенлиги ҳәм де усы лаўазымға Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы тәрепинен усыныс етилген таныклы шайыр ҳәм жазыўшылар, журналист ҳәм дөретиўшилер, жоқарғы оқыў орынларының социал гуманитар кафедраларының профессор ҳәм аға оқытыўшыларын қамтыў белгиленгенлиги атап өтилсин.

3. **Усы қоспа қарар менен төмендегилер:**

- улыўма орта билим бериў мектеплери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарлары ҳәм де Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар хызметин мониторинг етиў бойынша Республикалық исши топары (кейинги орынларда-Республикалық исши топары) дизими 1-қосымшаға муўапық;

-улыўма орта билим бериў мектеплери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарлары лаўазымына кандидатларды таңлаў ҳәм хызметин үйрениў схемасы, ўазыйпалары ҳәм 5 жылға мөлшерленген мақсетли көрсеткишлери 2-қосымшаға муўапық;

- дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар лаўазымына кандидатларды таңлаў ҳәм хызметин үйрениў схемасы, ўазыйпалары ҳәм 5 жылға мөлшерленген мақсетли көрсеткишлери 3-қосымшаға муўапық;

- дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар лаўазымына таныклы шайыр ҳәм жазыўшылар, жуналист ҳәм дөретиўшилер, жоқарғы оқыў орынларының социал гуманитар кафедраларының профессор ҳәм аға оқытыўшыларын улыўма орта билим бериў мектеплерине бириктириў кестеси 4-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. **Төмендегилер руўхый-ағартыўшылық жумысларын шөлкемлестириў ҳәм оқыўшылардың дөретиўшилик кәбилетин раўажландырыў бойынша тийкарғы ўазыйпалар етип белгиленсин:**

-оқыўшы жаслар менен турақлы түрде сәўбетлесиў, усы тараўдағы баслы машқалаларды анықлаў ҳәм шешимин табыўға көмеклесиў;

-оқыўшыларға Ана Ўатанға садықлық ҳәм оның тағдирине байланыслы болған сезимлерин сиңдириў, олардың жат идеяларға көз-қарасын ҳәм иммунитетин қәлиплестириўге қаратылған ис-иләжларды әмелге асырыў;

-оқыўшы жаслардың бос ўақытларын мазмунлы өткериў ушын зәрүр болған дөретиўшилик ҳәм спорт дөгереклерин, саламат турмыс тәризин ен жайдырыў хызметин раўажландырыўға қаратылған жойбарлар таярлаў;

-жоқары мәнаўятлы, кең дүнья қарасқа ийе пидайы ҳәм Ўатанды сүйиўши жасларды тәрбиялаў;

-қәбилетли дөретиўши оқыўшыларды атақлы инсанлар аты менен аталыўшы дөретиўшилик мектеплери хызмети менен жақыннан таныстырыў арқалы келешекте олардың дөретиўшилик мектеплеринде билим алыўларын тәмийинлеў;

-улыўма орта билим бериў мектеплеринде белгили жазыўшы ҳәм шайырлар менен әдебий ушырасыўлар өткериў;

-көркем-өнер, әдебий ҳәм дөретиўшилик орталыққа қызықтырыў арқалы социаллық қорғаўға мүтәж, тәрбиясы аўыр балалардың руўхый жағдайын жақсылаўға жәрдем көрсетиў.

5. **Министрликтиң** улыўма орта билим бериў мектеплери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарлары ҳәм де Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар хызметин мониторинг етиў бойынша исши топары қосымшаға муўапық **тастыйықлансын.**

6. **Министрликтиң исши топары (А.Худайбергенов)на:**

- улыўма орта билим бериў мектеплери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарлары ҳәм Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар хызметин жетилистириў бойынша методикалық ҳәм әмелий жәрдемлер көрсетиў;

-жуўапкер хызметкерлердиң толық ис жүритиўлери ушын олардың үлги ис-режелерин тастыйықлаў;

-оқыў жылы даўамында бирге ислесиўши шөлкемлер менен биргеликте улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылар арасында өткерилетуғын көрик-таңлаўлар, фестиваллар, жарыслар ҳәм де дөретиўшилик кешелериниң дизимин қәлиплестириў;

-белсенди, жаңалықларға умтылыўшы ҳәм жаңа инновацион идеяларды әмелге асырып, жоқары нәтийжелерге ерискен Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшыларды хошаметлеў иләжларын көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. **Барлық қала ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары, республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемлери директорларына:**

-усы қарар менен тастыйықланған директордың руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарлары, Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятлаўшылар лаўазымына кандидатларды таңлаў ҳәм хызметин үйрениў тәртиби, ўазыйпалары ҳәм 5 жылға мөлшерленген көрсеткишлери тийкарында хызметин жетилистириў бойынша зәрүр ис-иләжларды әмелге асырыў;

-дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар лаўазымына бириктирилген таныклы шайыр, жазыўшы, журналист ҳәм жоқарғы оқыў орынларының социал гуманитар кафедраларының профессор ҳәм аға оқытыўшыларына хызмет көрсетиўи ушын тийисли шәраятлар жаратыў;

-дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар тәрепинен орынлардағы улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары арасында дөретиўшилик жоқары мәдениятк өнликпелерин қәлиплестириўге қаратылған иләжлар, әдебий кешелер, таңлаўлар ҳәм жаңа китапларды таныстырыў иләжларын шөлкемлестириўди қадағалаўға алыў;

-улыўма орта билим бериў мектеплеринде социаллық, руўхый орталықты тәмийинлеўге қаратылған оқыў-семинарларды шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

8. **Төмендегилер:**

-белгили шайыр, жазыўшы, журналист ҳәм дөретиўшилердиң мийнетине – улыўма билим бериў мәкемесиндеги “Жаслар жетекшиси” лаўазымының 0,25 штат бирлиги есабынан ҳақы төленетуғынлығы;

- жоқарғы оқыў орынларының социал гуманитар кафедраларының профессор ҳәм аға оқытыўшыларының мийнетине усы мәкемениң бюджеттен тысқары қаржылары есабынан ҳақы төленетуғынлығы;

2021-жылдың 1-январь сәнесинен баслап улыўма орта билим бериў мәкемелери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарлары лаўазымларына қала ҳәм районлардағы руўхый-ағартыўшылық орайының усынысы тийкарында тайынланатуғынлығы ҳәм де жыл жуўмағы бойынша қала ҳәм районлардағы руўхый-ағартыўшылық орайына әмелге асырған жумыслары бойынша есабатлар тапсыратуғынлығы сондай-ақ, тапсырылған есабаты нәтийжесине қарай олардың хызметине баҳа берилетуғынлығы;

- оқыўшылардың дөретиўшилик қәбилетин раўажландырыў ҳәм олардың дөретпелерин ғалаба хабар қураллары арқалы эн жайдырыўда Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы ҳәм де Республикалық руўхый-ағартыўшылық орайы жуўапкер екенлиги басшылыққа алынсын.

9. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасарлары А.Худайбергенов ҳәм Ш.Таджимуратовларға жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «20» январь
№20

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл "20" Январь 20 -санлы буйрығына қосымша.**

Улыўма орта билим бериў мектеплери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарларының хызметин жетилистириў ҳәм де Дөретиўшилик-мәдений мәселелери бойынша үгит-нәсиятшылар хызметин мониторинг етиў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң исши топары

ДИЗИМИ

| | | |
|---|---|---|
| 1. | А.Худайбергенов | -Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 1-орынбасары, исши топар баслығы. |
| 2 | П.Жумамуратов | -Республикалық Руўхый-ағартыўшылық орайы Қарақалпақстан бөлими баслығы ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшысы, исши топар баслығы орынбасары. |
| 3. | К.Каримов | -Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы баслығы, исши топар баслығы орынбасары. |
| 4. | Ш.Таджимуратов | -Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң орынбасары, ағзасы. |
| 5. | Р.Таңирбергенов | -Министрликтиң Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими баслығы, ағзасы. |
| 6. | С.Жуманиязов | -Министрликтиң кадрлар бөлими баслығы, ағзасы. |
| 7. | Т.Даўлетмуратов | -Министрликтиң Баспа сөз хаткери, ағзасы. |
| 8. | Г.Бекмуратова | -Министрликтиң Қаржыландырыў бухгалтериялық есабат ҳәм тәмийинлеў бөлими баслығы, ағзасы. |
| 9. | Қ.Жубанов | -Республикалық оқыў-методикалық орайы директоры, ағзасы. |
| 10. | А.Бегжанов | -Бас юрист консульт, ағзасы. |
| 11. | -Барлық қала ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары, сондай-ақ, республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемлери директорлары. | |

…EKISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

100017, Toshkent, Navoiy ko'chasi, 2a-uy
Tel.: (+998) 71 241-01-86; (+998) 95 479-99-08
web-site: www.uzedu.uz, e-mail: uzedu@exat.uz

MINISTRY OF PUBLIC
EDUCATION OF THE
REPUBLIC OF UZBEKISTAN

2a, Navoiy Street, Tashkent, 100017
Tel.: (+998) 71 241-01-86; (+998) 95 479-99-08
web-site: www.uzedu.uz, e-mail: uzedu@exat.uz

2021-у. «6» январь  № 05-05/3-55  «__» ________ 2021 г.

**Қорақалпоғистон Республикаси халқ таълими вазири, Тошкент шаҳар халқ таълими бош бошқармаси ва вилоятлар халқ таълими бошқармалари бошлиқлари ҳамда вазирлик тасарруфидаги умумтаълим мактаблари директорларига**

Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирлиги, Олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги, Бандлик ва меҳнат муносабатлари вазирлиги, Республика Маънавият ва маърифат маркази, Ўзбекистон Ёзувчилар уюшмасининг “Умумий ўрта таълим мактаблари директорининг маънавий-маърифий ишлар бўйича ўринбосари фаолиятини такомиллаштириш ҳамда Ижодий-маданий масалалар бўйича тарғиботчи лавозимини жорий этиш тўғрисида”ги қарори иловага мувофиқ юборилмоқда.

Сиздан, (1) мазкур қўшма қарорнинг ижросини таъминлаш мақсадида манфаатдор идора ва вазирликларнинг ҳудудий бўлинмалари билан ҳамкорликда ҳудудий штаблар фаолиятини ташкил этиш, (2) қўшма қарорнинг мазмун моҳиятини тасарруфингиздаги умумтаълим мактаблари жамоаларига етказиш, (3) қарорнинг 4-иловасига мувофиқ юборилаётган мактаблардаги Ижодий-маданий масалалар бўйича тарғиботчи лавозимига бириктирилган ёзувчи, шоир, ижодкор ва журналистлар билан жорий йилнинг 15 январь кунига қадар меҳнат шартномаларини имзолашни ташкил этиш, (4) жорий йилнинг 1 февраль кунига қадар қўшма қарорнинг ижроси юзасидан дастлабки маълумотларни вазирликка (Мактабдан ташқари таълим, спорт ва туризмни ташкил этиш бошқармасига +998908085519 телеграм рақами орқали) тақдим этиш бўйича ишларни ўз назоратингизга олишингиз сўралади.

Шу билан бир қаторда, ушбу қўшма қарор билан жорий этилаётган умумтаълим мактаблари директорининг маънавий-маърифий ишлар бўйича ўринбосарини ишга олишнинг янги тартиби амалда фаолият олиб бораётган ўринбосарларга нисбатан қўлланилмаслигини эслатиб ўтамиз.

Илова: 342 варақда (электрон кўринишда).

**Вазир ўринбосари** **Д.Кенжаев**

КР Халық билимлен-дириў минис трлиги
Кирис № 10
11.01.2021 ж.

Ижрочи: Б.Аминов
Тел: (90) 808-55-19